



Deklarasyon CHA Kont Rasis

Nan Cambridge Health Alliance (CHA), nou pran angajman favorize yon kilti toupatou nan òganizasyon nou an ki divès, ekitab, akeyi tout moun, epi ki pa aksepte rasis ni pou pèsonèl la ni pou pasyan yo ni pou manm kominate n ap sèvi an. Nan CHA, nou pran responsabilite jwe wòl pa nou nan travay pou lite kont opresyon epi nan fè egalite vanse pou nou ka simonte yon pase enjistis rasyal ak vyolans jeneralize nou jwenn nan swen sante.

I. Nou rekonèt:

- Rasis la se yon kriz sante piblik nan Etazini ki gen konsekans negatif demezire sou moun koulè nan zafè rezulta sante ak founiti swen sante, esperans vi, travay ak edikasyon, estabilite ekonomik ak lojman, jistics penal ak sekirite piblik, anviwònman ak plis bagay toujou.
- Ras se yon konsèp teyork lasosyete genyen, se pa yon karakteristik byolojik; konsèp teyork ras la sèvi nan Etazini kòm zouti pou prezève tout fòm puisans ak privilèj pou blan yo.
- Rasis la pèpetye nan aksyon, estrikti ak sistèm ki fèt kareman oswa ekspre ak nan sa ki pa fèt ekspre oswa ki enkonsyan.

II. Men defi n ap bay tèt nou:

- Toujou egzaminen rasis nou genyen nan nou-menm, nan relasyon nou ak lòt moun, nan poliik ak pratik enstitisyon an, ak nan estrikti ki andeyò enstitisyon nou an.
- Toujou fè egzamen ak revizyon kritik politik ak pwosedi yo pou garanti pèsonèl la ak pasyan yo resevwa tretman ekitab.
- Ankouraje jistics rasyal nan sante ak nan swen sante nan politik lokal, eta, ak nasyonal.

III. Nou pran angajman:

- Respekte diyite chak moun epi resevwa kòmantè ouvètman lè gen lòt moun ki panse nou konpòte tèt nou yon fason diskriminatwa oswa rasis.
- Pran mezi pou fè vanse divèsite, egalite, ak akseptasyon tout moun toupatou nan CHA epi kreye kondisyon pou fè chita pale sou ras ak rasis yon fason san danje.
- Pale sou move tretman poutèt ras epi ankouraje itilizasyon mekanis rapò ofisyèl nan relasyon ak pasyan ak nan resous imen.

IV. Pou pran responsabilite nou n ap:

- Fè ankèt sou ensidan move tretman poutèt ras gras a yon sistèm kilti san patipri epi n ap pran mezi ki apwopriye yo pou konsole, edike, ak discipline moun.
- Rammase ak rapòt done k ap pèmèt nou mezire rezulta nou nan fè vanse bi egalite nou yo pou kominate nou yo, pasyan nou yo, ak pèsonèl nou an.
- Mete sou pye epi mezire efikasite edikasyon esansyèl kont rasis pou tout anplwaye yo epi fè antre konpetans pou divèsite, egalite, ak akseptasyon tout moun nan tout deskripsyon djòb ak evalyasyon pèfòmans.